



Ntwarante 2024

kirundi

Humura! – Have courage!

Humura, naratsinze isi!

(Yohani 16,33)

Kontakt: Meinolf Wacker
Kirchplatz 7
59174 Kamen

Mobil.: +49-172-5638432
Mail: meinolf.wacker@go4peace.eu
Homepage www.go4peace.eu

Bakunzi ba Go4peace,

Tuguma twumva amakuru asa na ya Yobi. Hari aho uza wumva ngo hari urugo rwasambutse, kandi abo bageni bari bafise umwizero munini. Hamwe wumva ngo ni inzu bamenye, beneyo bakagira ubwoba bwo kuyisubiramwo kugutinye ko bokakurako agashambara. Ahandi tukumva n'igihugu cateye ikindi, tukabona amaganya mu maso y'ababwirizwa guhunga batazi n'iyoya baja. Ndumva kenshi abantu bavuga bati : „ndabuze isaganirizo“, kandi nkabona ko ukuguma bigonye kuguma kwongerekana. Mbega noja hehe igihe vy'ukuri ngeze mu kangaratete? – Yezu nawe nyene yarashikiwe n'ayo makuba. Yarabona amakuba atugeramiye, niho yaduhanura akagira ati : „ Mw'isi muzobona amakuba. Ariko humura: Naratsinze isi“. Aho rero aba adutumiriye mu gacerere n'ubugamburutsi bwo mu mutima kuba kumwe na We, kumbure mbere tugatangura kuyaga nawe. Ni We wenyene ashobora gutanga amahoro , ya yandi iyi si yacu idashobora kuduha.

Haracye imyaka irenga 80 Etty Hillesum yishwe afise imyaka 29 kuko ari Umuyahudi hariya i Auschwitz. Abonye urupfu rumwegereje, yaravuze igisabisho dusanga mu gatabo kiwe yandikamwo ku musu ku musu. Yagize ati: „Ubutigu burageze, Mana yanje. Ico nkwemereye Mukama ni akantu gatoyi gusa; sinshaka ko ingorane ndimwo ziba imyidogo bazoheza bagatangaza, ariko ivyo binsaba umwimenyerezo ukomeye. Umusi wose ubwawo ni umwimenyerezo. Nshaka kugufasha Mukama kugira ntumpebe, ariko kuva no mu ntango nta na kimwe nokwemera ko kiranguka. Ariko ikintu kimwe mbona kandi nkemeza: n'uko Wewe udashobora kudufasha, ariko ari twebwetubwirizwa kugufasha hanyuma gurtyo tukaba turiko turifasha twebwetubwirizwa nyene gushika kw'iherezo. Ikintu kimwe nico bigamije: akamanyu kawe Mana muri twebwetubwirizwa kurokora. Kumbure gurtyo niho dushobora no gufasha ko Wewe wozukira no mu mitima iriko irababara y'abandi bantu. (...) Numva nguma mbandanya ntekana Mukama, muri iki kiyago ndiko ngirana nawe. Numva no mu gihe gikurikira nzoguma ngwiza ibiganiro nawe, kugirango gurtyo ntibizokunde ko umpeba.“ Mu kugamburukira umutima wiwe no mu kuvugana n'Imana, Etty Hillesum yararonse amahoro yimbitse mu mutima wiwe. Burya natwe ubuzima bwama budutumirira bene ico kiyago mu bihe bitoroshe. **Humura! – Have courage!**

Kubwa go4peace,

Meinolf Wacker